

Tibebe Ou nan 2 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 2 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Tibebe a kòmanse souri ba moun
- ☐ Li kapab kalme poukont li
(tibebe a ka mete men li nan bouch li epi souse dwèt)
- ☐ Li eseye gade paran yo

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Li woukoule, li fè son gazouye
- ☐ Mete tèt li nan direksyon son

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Li fè atansyon a figi
- ☐ Li kòmanse swiv bagay avèk zye li, epi li rekonèt moun sou yon distans
- ☐ Li kòmanse aji yon jan annwiye (li kriye, dezagreyab) si aktivite a pa chanje

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Li kapab kenbe tèt li wo epi li kòmanse pouse lè li kouche sou vant
- ☐ Li fè mouvman ki pi fasil avèk bra ak janm li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa reponn nan son ki fò
- ☐ Pa siveye bagay yo pandan y ap bouje
- ☐ Pa ri ba moun
- ☐ Pa mete men li nan bouch li
- ☐ Pa kapab kenbe tèt li anlè lè w ap pouse pandan li sou vant

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopman posib, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Tibebe Ou nan 4 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 4 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Tibebe a ri toudenkou, sitou ba moun
- ☐ Li renmen jwe avèk moun epi li ta ka kriye lè jwèt la sispann
- ☐ Li imite kèk mouvman ak ekspresyon vizaj, tankou souri oswa figi sonb

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Tibebe a kòmanse gazouye
- ☐ Li gazouye avèk ekspresyon epi li imite son li tande
- ☐ Li kriye nan fason diferan pou montre li grangou, li gen doulè, oswa li fatigue

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Li fè ou konnen li gen kè kontan oswa li tris
- ☐ Li reponn nan afeksyon
- ☐ Li pran jwèt avèk yon men
- ☐ Li itilize men ak zye li ansanm, tankou pou li wè yon jwèt epi pou li pran jwèt la
- ☐ Li swiv bagay yo avèk zye li depi yon bò jiska lò bò a
- ☐ Li siveye vizaj yo depre
- ☐ Li rekonèt moun ak bagay li abitye avèk yo sou yon distans

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Tibebe a kenbe tèt li dwat, san sipò
- ☐ Li apiye sou janm li lè pye li sou yon sifas ki di
- ☐ Li kapab woule sou vant li pou vire sou do
- ☐ Li kapab kenbe yon jwèt epi li kapab souke jwèt epitou li kapab balanse nan jwèt ki pandye yo
- ☐ Li mete men li nan bouch li
- ☐ Lè li kouche sou vant, li monte sou koud-bra li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa siveye bagay yo pandan y ap bouje
- ☐ Pa ri ba moun
- ☐ Pa kapab kenbe tèt li dwat
- ☐ Pa woukoule oswa Pa fè son
- ☐ Pa mete bagay nan bouch li
- ☐ Pa pran apui avèk jan li lè pye li sou yon sifas di
- ☐ Gen pwoblèm pou bouje youn oswa toulède zye li nan tout direksyon

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopman posib, fè doktè ou enfimye pitit ou konnen sa, epi **rele 311** pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Tibebe Ou nan 6 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 6 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Tibebe a konnen figi li abitye avèk yo epi li kòmanse konnen si yon moun se yon etranje
- ☐ Li renmen jwe avèk lòt moun, sitou paran yo
- ☐ Li reponn nan emosyon lòt moun epi li sanble kontan souvan
- ☐ Li renmen gade figi li nan yon glas

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Tibebe a reponn nan son lè li fè son
- ☐ Li aliyen vwayèl lè l ap gazouye (“ah,” “eh,” “oh”) epitou li renmen patisipe avèk paran yo pandan y ap fè son
- ☐ Li reponn nan non pa li
- ☐ Li fè son pou montre li kontan ak lè li pa kontan
- ☐ Li kòmanse di son konsòn (li jakase avèk “m,” “b”)

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Tibebe a chèche bagay ki toupre li
- ☐ Li mete bagay nan bouch li
- ☐ Li montre kiryozi konsènan bagay epi li eseye jwenn bagay ki lwen li
- ☐ Li kòmanse pase bagay ant yon men ak lòt men an

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Li woule nan toulède direksyon (devan pou rive dèyè, dèyè pou rive devan)
- ☐ Li kòmanse chita san sipò
- ☐ Lè li kanpe, li sipòte pwa kò li sou janm li epi li ta ka rebondi
- ☐ Li balanse tanzantan, pafwa li rale padèyè anvan li bouje annavan

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa eseye pran bagay ki toupre li
- ☐ Pa montre afeksyon pou moun k ap pran swen li
- ☐ Pa reponn nan son ki toutotou li
- ☐ Gen difikilte pou mete bagay nan bouch li
- ☐ Pa fè son vwayèl (“ah,” “eh,” “oh”)
- ☐ Pa woule nan okenn direksyon
- ☐ Pa ri oswa pa fè son ki fò anpil
- ☐ Sanble rès anpil, avèk miskilati ki sere
- ☐ Sanble mou anpil, tankou yon poupe chifon

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè ouwa enfimyè pitit ou konnen sa, epi **rele 311** pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Tibebe Ou nan 9 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 9 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Tibebe a ka pè etranje
- ☐ Li ka kole sou adilt li abitye avèk yo
- ☐ Li gen jwèt li pi renmen

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Li konprann “non”
- ☐ Li fè anpil son diferan tankou “mamamama” ak “bababababa”
- ☐ Li imite son ak jès lòt moun
- ☐ Li itilize dwèt li pou montre bagay yo

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Li siveye trajektwa yon bagay pandan l ap tonbe
- ☐ Li chèche bagay li wè ou kache
- ☐ Li jwe jwèt fenèt kach-kach
- ☐ Li mete bagay nan bouch li
- ☐ Li deplase bagay dousman ant yon men ak lòt men an
- ☐ Li pran bagay tankou o sereyal ant dwèt pous li ak dwèt endèks li

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Tibebe a kanpe, li rete debou
- ☐ Li kapab pran pozisyon chita
- ☐ Li chita san sipò
- ☐ Li leve pou kanpe
- ☐ Li rale

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa pran apui sou janm li avèk sipò
- ☐ Pa chita avèk èd
- ☐ Pa woukoule (“mama”, “baba”, “dada”)
- ☐ Pa jwe nenpòt jwèt ki gen pou wè ak jwe tanzantan
- ☐ Pa reponn nan non pa li
- ☐ Pa sanble rekonèt moun li abitye avèk yo
- ☐ Pa gade kote ou lonje dwèt ou
- ☐ Pa transfere jwèt yo ant yon men ak lòt men an

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopman posib, fè doktè ouwa enfimiyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Akademi Pedyatrik Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou doktè egzamine timoun yo pou devlopman jeneral nan vizit yo lè yo gen laj 9 mwa. Poze doktè pitit ou kesyon sou egzamen devlopman pitit ou.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Pitit ou Gen Laj 1 Ane



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 1ye anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere ansuit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan timid oswa enève avèk etranje
- ☐ Li kriye lè manman oswa papa li ale
- ☐ Li gen bagay ak moun li pi renmen
- ☐ Li montre li pè nan kèk sitiyasyon
- ☐ Li lonje yon liv ba ou lè li vle tande yon istwa
- ☐ Li repete son oswa aksyon pou li jwenn atansyon
- ☐ Li leve bra oswa janm li pou ede abiye li
- ☐ Li jwe jwèt tankou “fenèt kach-kach” ak “tape-nan-men”

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan reponn nan demann aloral senp
- ☐ Li itilize jès senp, tankou sekwe tèt li pou di “non” oswa fè “bay-bay”
- ☐ Li fè son avèk chanjman nan ton (li sonnen plis pase pawòl)
- ☐ Li di “mama” ak “dada” epi li fè eksklamasyon tankou “uh-oh!”
- ☐ Li eseye di mo ou di

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Li analize bagay yo nan diferan fason, tankou tranble, frape, jete
- ☐ Li jwenn bagay ou kache fasil
- ☐ Li gade imaj oswa bagay kòrèk la lè ou site non li
- ☐ Li imite jès yo
- ☐ Li kòmanse itilize bagay yo kòrèkteman; pa egzanp, li bwè nan yon tas, li bwose cheve li
- ☐ Li frape de (2) bagay ansanm
- ☐ Li mete bagay nan yon bwat, li retire bagay nan yon bwat
- ☐ Li kite bagay yo ale san èd
- ☐ Li pouse avèk dwèt endèks li (endikasyon)
- ☐ Li swiv enstriksyon senp tankou “pran jwèt la”

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Timoun nan pran yon pozisyon chita san pa jwenn èd
- ☐ Li redi pou kanpe, li mache pandan li pran apui sou mèb (“pou li kwaze”)
- ☐ Li ka fè kèk etap san pa pran sipò
- ☐ Li ka kanpe poukont li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa rale
- ☐ Pa kapab kanpe li jwenn sipò
- ☐ Pa chèche bagay li wè ou kache
- ☐ Pa di mo senp tankou “mama” oswa “dada”
- ☐ Pa aprann jès tankou lete tèt oswa souke tèt
- ☐ Pa lonje dwèt sou bagay yo
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Pitit ou rive nan 18 Mwa (1½ Ane)



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 18 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan renmen lonje bagay ba lòt moun kòm jwèt
- ☐ Li ka gen kriz
- ☐ Tibebe a ka pè etranje
- ☐ Li montre afeksyon pou moun li abitye avèk yo
- ☐ Li jwe imajinasyon senp, tankou bay yon poupe manje
- ☐ Li ka kole kò li sou moun k ap bay li swen nan nouvo sityasyon yo
- ☐ Li lonje dwèt li pou montre lòt moun yon bagay ki enteresan
- ☐ Li analize poukont li men lè paran li toupre

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan di anpil mo senp
- ☐ Li di “non” epi li souke tèt li pou di non
- ☐ Li lonje dwèt li pou montre yon moun sa li vle

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Li konnen kisa bagay òdinè yo ye; pa egzanp, telefòn, bwòs, kiyè
- ☐ Li lonje dwèt li pou jwenn atansyon lòt moun
- ☐ Li montre enterè nan yon poupe oswa nan yon nounous lè li fè tankou l ap bay yo manje
- ☐ Li montre yon pati nan kò li
- ☐ Li grifonnen poukont li
- ☐ Li kapab swiv kòmman vèbal 1 etap san pa fè okenn jès; pa egzanp, li chita lè ou di “chita”

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Li mache poukont li
- ☐ Li ka fè pa ak kouri
- ☐ Li redi jwèt yo pandan l ap mache
- ☐ Li kapab ede dezabiye li
- ☐ Li bwè nan yon tas
- ☐ Li manje avèk yon kiyè

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa lonje dwèt li pou montre lòt moun bagay yo
- ☐ Pa kapab mache
- ☐ Pa konnen pou kisa bagay li abitye avèk yo la
- ☐ Pa imite lòt moun
- ☐ Pa aprann nouvo mo
- ☐ Pa gen omwen 6 mo
- ☐ Pa remake oswa pa vle lè yon moun k ap pran swen li ale oswa retounen
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè ou enfimye pitit ou konnen sa, epi **rele 311** pou mande Entèvansyon Bonè.

Akademi Pedyatrik Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou doktè egzamine timoun yo pou devlopman jeneral ak otism nan vizit yo lè yo gen laj 18 mwa. Poze doktè pitit ou kesyon sou egzamen devlopmanal pitit ou.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Pitit ou Gen Laj 2 Zan



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 2yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan imite lòt moun, sitou adilt ak pi gran timoun
- ☐ Li eksite lè li avèk lòt timoun
- ☐ Li montre li pi endepandan ofi-amezi
- ☐ Li gen konpòtman awogan (li fè sa yo te di pa fè)
- ☐ Li jwe sitou akote lòt timoun, men li, kòmanse ajoute lòt timoun, tankou nan jwèt kouri dèyè lòt

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan lonje dwèt li sou bagay oswa imaj lè moun site yo
- ☐ Li konnen non moun li abitye avèk yo ak pati nan kò a
- ☐ Li di fraz ki gen 2 a 4 mo
- ☐ Li swiv enstriksyon senp
- ☐ Li repete mo li tande nan konvèsasyon
- ☐ Li lonje dwèt li sou desen ki nan yon liv

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Timoun nan jwenn bagay menm lè yo sere yo anba de (2) oswa (3) kouvèti
- ☐ Li kòmanse klase fòm ak koulè
- ☐ Li konplete fraz ak rim nan liv li abitye avèk yo
- ☐ Li jwe jwèt fè-kwè
- ☐ Li bati bilding ki gen 4 oswa plis blòk
- ☐ Li ta ka itilize yon men pi plis pase lòt men an
- ☐ Li swiv enstriksyon de (2) etap tankou “Pran soulye ou epi mete yo nan plaka a.”
- ☐ Li site non desen ki nan yon liv desen tankou yon chat, yon zwazo, oswa yon chen

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Timoun nan kanpe sou pwent pye
- ☐ Li frape yon balon
- ☐ Li kòmanse kouri
- ☐ Li monte ak desann sou mèb san pa jwenn èd
- ☐ Li monte ak desann eskalye avèk sipò
- ☐ Li voye balon anlè
- ☐ Li fè oswa kopye liy dwat ak sèk

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa itilize ekspresyon ki gen 2 mo (pa egzanzp, “bwè lèt”)
- ☐ Pa konnen sa pou li fè avèk bagay komen, tankou yon bwòs, yon telefòn, yon fouchèt oswa yon kiyè
- ☐ Pa imite aksyon ak mo
- ☐ Pa swiv enstriksyon senp yo
- ☐ Pa mache avèk establite
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopman posib, fè doktè ou enfimye pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Akademi Pedyatrik Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou doktè egzamine timoun yo pou devlopman jeneral ak otism nan vizit yo lè yo gen laj 24 mwa. Poze doktè pitit ou kesyon sou egzamen devlopman pitit ou.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Pitit ou Gen Laj 3 Zan

Fason pitit ou jwe, aprann, pale ak aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan devlopman an se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 3yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere ansuit.



Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan imite adilt ak zanmi
- ☐ Li montre afeksyon pou zanmi san yo pa bezwen mande li
- ☐ Li patisipe nan jwèt yo
- ☐ Li montre enkyetid pou yon zanmi k ap kriye
- ☐ Li konprann lide “pou mwen” ak “pou li”
- ☐ Li montre anpil kalite emosyon
- ☐ Li separe fasil avèk manman ak papa li
- ☐ Li ka fache avèk gwo chanjman ki fèt souvan
- ☐ Li abiye ak dezabiye poukont li

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan swiv enstriksyon ki gen 2 oswa 3 etap
- ☐ Li kapab lonmen bagay li pi abitye avèk yo
- ☐ Li konprann mo tankou “nan,” “sou,” ak “anba”
- ☐ Li di prenon, laj, ak sèks
- ☐ Li site non yon zanmi
- ☐ Li di mo tankou “mwen,” “mwen,” “nou,” ak “ou” ak mo pliriyèl (vwati yo, chen yo, chat yo)
- ☐ Li pale byen ase pou etranje konprann li pi souvan
- ☐ Li fè konvèsasyon avèk 2 oswa 3 fraz

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Timoun nan kapab jwe jwèt ki gen bouton, levye, ak pati mobil
- ☐ Li jwe jwèt fè-kwè avèk poupe, bèt, ak moun
- ☐ Li jwe kastèt ki gen 3 oswa 4 pyès
- ☐ Li konprann sa “de” vle di
- ☐ Li kopye yon sèk avèk yon kreyon oswa kreyon koulè
- ☐ Li vire paj liv youn apre lòt
- ☐ Li bati bilding ki gen plis pase 6 blòk
- ☐ Li vise ak devise bouchon bokal oswa li vire manch pòt

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Li eskalade byen
- ☐ Li kouri fasil
- ☐ Li te pedale yon trisiklèt (yon bisiklèt 3 wou)
- ☐ Li monte ak desann eskalye, yon pye sou chak mach

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Tonbe anpil epi li pwoblèm pou monte ak desann eskalye
- ☐ L ap bave oswa li di pawòl ki pa klè ditou
- ☐ Pa kapab jwe jwèt senp (tankou pano ki gen twou, kastèt senp, manivèl)
- ☐ Pa pale avèk fraz
- ☐ Pa konprann enstriksyon senp yo
- ☐ Pa jwe fè-tankou oswa fè-kwè
- ☐ Pa vle jwe avèk lòt timoun oswa avèk jwèt
- ☐ Pa fè kontak nan zye
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy posib reta devlopmanal sa yo, fè doktè ou enfimye pitit ou konnen sa, epi pale avèk yon moun nan lekòl leta lokal ou ki abitye avèk sèvis pou jèn timoun yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development.”

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”

Pitit ou Gen Laj 4 Zan



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 4yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan renmen nouvo bagay
- ☐ Li jwe “Manman” oswa “Papa”
- ☐ Li pi dinamik ofi-amezi avèk jwèt fè-kwè
- ☐ Li ta pito jwe avèk lòt timoun pase poukont li
- ☐ Li kolabore avèk lòt timoun
- ☐ Pa souvan di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- ☐ Li pale sou sa li renmen ak sa ki enterese li

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan konnen kèk règ gramè debaz, tankou itilizasyon kòrèk “li” (maskilen) ak “li” (feminen)
- ☐ Li chante yon chanson oswa li resite yon powèm nan memwa li tankou “Itsy Bitsy Spider” oswa “Wheels on the Bus”
- ☐ Li rakonte istwa
- ☐ Li kapab di prenon ak non fanmi li

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Timoun nan site kèk koulè ak kèk chif
- ☐ Li konprann lide kontaj
- ☐ Li kòmanse konprann lè
- ☐ Li sonje pati ki nan yon istwa
- ☐ Li konprann lide “menm” ak “diferan”
- ☐ Li fè pòtre moun ki gen 2 a 4 pati nan kò
- ☐ Li itilize sizo
- ☐ Li kòmanse kopye kèk lèt majiskil
- ☐ Li jwe jwèt damye oswa jwèt kat
- ☐ Li di ou sa li panse ki pral rive answit nan yon liv

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Timoun nan sote ak kanpe sou yon pye pandan apeprè 2 segonn
- ☐ Li atrap yon balon ki rebondi pi souvan
- ☐ Li vide, koupe avèk sipèvizyon, epi li kraze manje pa li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Pa kapab sote anplas
- ☐ Gen pwoblèm pou grifonnen
- ☐ Pa montre enterè nan jwèt konvèsasyonèl oswa nan jwèt fè-tankou
- ☐ Meprize lòt timoun oswa pa reponn moun ki pa nan fanmi an
- ☐ Fè rezistans pou li abiye, pou li dòmi ak pou li itilize twalèt
- ☐ Pa kapab rakonte yon istwa li pi renmen
- ☐ Pa swiv kòman ki gen 3 pati
- ☐ Pa konprann “menm” ak “diferan”
- ☐ Pa itilize “mwen” ak “ou” kòrèkteman
- ☐ Pale yon fason ki pa klè
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy posib reta devlopman sa yo, fè doktè ouwa enfimyè pitit ou konnen sa, epi pale avèk yon moun nan lekòl leta lokal ou ki abitye avèk sèvis pou jèn timoun yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche “Child Development.”

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche “Child Development”

NYC
Health

Pitit ou Gen Laj 5 Zan

Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 5yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere ansuit.



Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Timoun nan vle fè zanmi plezi
- ☐ Li vle tankou zanmi li yo
- ☐ Li pi ka dakò avèk règ yo
- ☐ Li renmen chante, danse ak aji
- ☐ Li konnen sèks moun
- ☐ Li kapab di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- ☐ Li montre li pi endepandan (pa egzanp, li ka vizite vwazen toupre a poukont li [sipèvizyon adilt toujou nesèsè])
- ☐ Li egzijan pafwa epi pafwa li kolabore anpil

Langaj/Kominikasyon

- ☐ Timoun nan pale pi aklè
- ☐ Li rakonte yon istwa senp ki gen anpil fraz
- ☐ Li itilize tan fiti; pa egzanp, “Granmè a ap isit la.”
- ☐ Li di non ak adrès

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- ☐ Timoun nan konte jiska 10 oswa plis bagay
- ☐ Li kapab fè pòtre yon moun ki gen omwen 6 pati nan kò li
- ☐ Li kapab ekri kèk lèt oswa chif
- ☐ Li kopye yon triyang ak lòt fòm jewometrik
- ☐ Li konnen bagay yo itilize chak jou, tankou lajan ak manje

Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Timoun nan kanpe sou yon pye pandan 10 segonn oswa plis
- ☐ Li sote; li kapab sote
- ☐ Li kapab fè yon wouldad
- ☐ Li itilize yon fouchèt ak yon kiyè epi pafwa yon kouto tab
- ☐ Li kapab itilize twalèt poukont li
- ☐ Li balanse ak eskalade

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- ☐ Timoun nan pa montre anpil kalite emosyon
- ☐ Montre konpòtman ekstrèm (raman li pè, agresif, timid oswa tris)
- ☐ Izole tèt raman epi pa aktif
- ☐ Distrè fasil, li gen pwoblèm pou konsantre sou yon aktivite pandan plis pase 5 minit
- ☐ Pa reponn moun, oswa li reponn sèlman apèn
- ☐ Pa kapab di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- ☐ Pa jwe anpil kalite jwèt ak aktivite
- ☐ Pa kapab di prenon ak non fanmi li
- ☐ Pa itilize mo pliryèl oswa tan pase kòrèkteman
- ☐ Pa pale sou aktivite oswa eksperyans chak jou
- ☐ Pa fè desen
- ☐ Pa kapab bwose dan li, pa kapab lave ak seche men li, oswa Pa kapab dezabiye li san èd
- ☐ Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy posib reta devlopman sa yo, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi pale avèk yon moun nan lekòl leta lokal ou ki abitye avèk sèvis pou jèn timoun yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb **nyc.gov** epi chèche “Child Development.”

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.

Devlopman Pitit Ou Pi Fizik

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development”